ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№147 (23.555) ● 2017 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 2, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу КъБР-м щызэтрагъэуващ газыр компрессоркIэ зыхуз центр

Моторхэм папщIэ газыр гъэсыныпхъэу къызэрагъэсэбэпым зегъэубгъуным теухуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм къиищта унафэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтрагъэуващ автомобилхэм газ изыгъахъуэ иджырей компрессор станцхэмрэ газыр къэгъэсэбэпыным пыщIа адрей оборудованэмрэ къыщIэзыгъэкI предприятэ. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыяпэу ди деж щIын щаух газыр компрессоркIэ зыхуз центр. Абы щагъэувынущ зы сыхьэтым газ хузауэ кубометр 1600-рэ къэзыт Орион-750 Iэмэпсымэр, гъэсыныпхъэ хузар зэбгрызыш автомобилхэм газыр ирагъэхъуэн папщIэ. Мы гъэсыныпхъэ лIэужьыгъуэр къэгъэсэбэпынымкIэ республикэр Кавказ Ищхъэрэм щыпашэщ.

**КУДРЯВЦЕВЭ Галинэ.**

● Дыгъуасэ

## КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэтащ щIыпIэ лъапIэхэм хьэжыщI кIуэнухэм ядэIэпыкъуным и IуэхукIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкIуэкIащ Мэккэрэ Мединэрэ я щIыпIэ лъапIэхэм хьэжыщI ежьэнухэм ядэIэпыкъуным и IуэхукIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэ.**

ТРАНСПОРТКIЭ къызэгъэпэщыным, визэ къыщыIахкIэ защIэгъэкъуэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ. ЗэкIэ зэрыхуагъэфащэмкIэ, мы гъэм хьэжыщI кIуэнущ республикэм и цIыху 240-рэ.

ЗэIущIэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Ахъуэхъу Таймураз**, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къардэн Мурат**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэ **Дзасэжь Хьэзрэталий**, республикэм и министерствэхэм, ведомствэхэм, гъэзэщIакIуэ властым и щIыпIэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

**ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.**



## Ди щIыналъэм къыIэрыхьэ ахъшэр нэхъыбэ щIыным егугъун хуейщ

**КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэзащIэ инвестицэ проектхэм хэплъэнымкIэ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэ. Ар къыщызэIуихым Правительствэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьэным, ди щIыналъэм щыIэ инвестицэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.**

ЗЫХУЭФАЩЭ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ къалэн щащIащ зытепсэлъыхь къалэнхэр зэрагъэзащIэм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыну, щIыналъэм къыIэрыхьэ ахъшэр нэхъыбэ щIыным къаруурэ яIэр ирахьэлIэну.

ЗэIущIэм докладхэр щащIащ КъБР-м экономикэ зыужьынымкIэ и министр Рахаев Борисрэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зегъэужьынымкIэ корпорацэм» и генеральнэ директор Бекъалды Хьэзизрэ.

**УРЫС Ринэ.**

● Зауэ гъуэгуанэхэр



## 115-нэ шуудзэм хэтахэр ящыгъупщэркъым

**Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа гупышхуэ мы махуэхэм щыIащ Ростов областым и Мартыновкэ Ин къутырым. Абы щекIуэкIащ 115-нэ шуудзэр 1942 гъэм и бадзэуэгъуэ - шыщхьэуIу мазэхэм фашист зэрыпхъуакIуэхэм а щIыпIэм зэрыщыпэщIэтрэ илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа фэеплъ Iуэхугъуэхэр.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ икIахэм яхэтащ щэнхабзэмкIэ министр Къумахуэ Мухьэдин, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ органхэмрэ я ветеранхэм я тхьэмадэ Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд, Тэрч район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэхэу Семэн Пщыкъанрэ Хьэпажэ Тимуррэ, ДОСААФ-м Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щиIэ къудамэм и къэпщытакIуэ комиссэм и унафэщI Уэрсей Владимир, КъБР-м и Дохутыр палатэм и унафэщI Iумэт Мурат, «Призвание» медицинэ колледжым и къызэгъэпэщакIуэ Щоджэн Эдуард сымэ, нэгъуэщIхэри.

Мартыновскэ районым и унафэщIхэмрэ зауэм хэкIуэдахэм я хьэдэхэр къэзылъыхъуэжхэмрэ илъэс куэд хъуауэ зэпыщIэныгъэ быдэ яхузиIэ Гулэжын Беслъэн къызэрыджиIамкIэ, мы гъэми автомобиль зекIуэ къызэрагъэпэщри, 115-нэ шуудзэр щызэуа щIыпIэхэм щыIащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр зыхэта шуудзэр 1942 гъэм бадзэуэгъуэм и кIэухым - шыщхьэуIум и пэщIэдзэм Ростов областым и губгъуэхэм бжыгъэрэ IэщэкIэ къефIэкI нэмыцэ-фашистхэм лIыхъужьыгъэ яхэлъу щапэщIэтащ, - къыхигъэщащ Гулэжыным. - А лъэхъэнэм къриубыдэу ди шу миниплIым нэблагъэ хэкIуэдащ, арщхьэкIэ бийр адэкIэ ягъэкIуакъым. Мартыновскэ районым щыпсэухэм зэи ящыгъупщэркъым ди республикэм икIа зауэлIхэм зэрыпхъуакIуэхэм зэрыщахъумар икIи илъэс къэс драгъэблагъэ абыхэм я фэеплъыр ядэдгъэлъэпIэну.

Автомобиль зекIуэм хэтахэр, Мартыновскэ районым щыпсэухэм я гъусэу, щыIащ я щIыпIэр зыхъума 115-нэ шуудзэм я щIыхькIэ ягъэува Мемориал комплексымрэ щIыпIэ музеймрэ. Зыщаплъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ростов областымрэ я зэныбжьэгъугъэм и аллеем. Абы иужькIэ кIуащ зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIа Лысый Iуащхьэм. ЩIыпIэ къэлъыхъуакIуэхэм я унафэщI Мартынов Александр зыубгъуауэ тепсэлъыхьащ илъэс 75-рэ ипэкIэ къэхъуа Iуэхугъуэхэмрэ ди лъахэгъухэм я лIыхъужьыгъэмрэ.

АдэкIэ колоннэм иунэтIащ Батлаевкэ къутырым. Абы щыIэ хадэхэм ящыщ зым щыщIалъхьащ зауэлI хахуэхэу Гуанэмрэ Шымэзокъуэмрэ. ИтIанэ Московскэ къутырым дэт школым, 115-нэ шуудзэм и цIэр зезыхьэм, яунэтIащ. Абы щекIуэкIа пэкIум къыщыпсэлъащ Мартыновскэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Тесленкэ Анатолий, школым и къэлъыхъуакIуэ гупым и унафэщI Федющинэ Татьянэ, ди республикэм икIахэм я пашэхэу Къумахуэ Мухьэдинрэ Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэдрэ. Къызэхуэсахэр зы дакъикъэкIэ щыму яхуэщыгъуащ Хэкум папщIэ зи псэр зыта ди зауэлIхэм.

Новониколаевкэ къутырым ди лъахэгъу нэхъыбэ дыдэ щыщIалъхьащ. Абыхэм я кхъащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ираша щIы IэмыщIэхэр тракIутащ.

115-нэ шуудзэр щызэуа нэгъуэщI щIыпIэхэми щыIащ автомобиль зекIуэм хэтахэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# Зи Хэку къэзыгъэзэжахэм я махуэр ягъэлъапIэ

**Зи Хэку къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэм ирихьэлIэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къекIуэлIэжауэ щыпсэу нэхъыжьхэм яIущIащ.**



Едыдж Нихьэи



Къумыкъу Мамдухь



Къущхьэ Нэдим

- ХЭКУМ къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэр Iэтауэ дгъэлъапIэ, дыгуфIэу, дыджэгуу етхьэкI щхьэкIэ, а махуэр къыхэтлъхьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуа лъапсэрыхыр ди лъэпкъым дежкIэ гуащIэт, гущIэгъуншэт. Кавказ зауэжьым ди лъэпкъыр дуней псом трикъуухьащи, дызыкIэрыхуауэ идохьэкI. Ди гуапэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым IэмалыфIхэр къыздихьащ дызэрыщIэн, дызэрыIыгъын папщIэ. Абы и закъуэ мыхъуу, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр хуэмхуэмурэ къокIуэлIэж. Сыхуейт апхуэдэхэм я бжыгъэр нэхъри хэхъуэну, ХэкумкIэ къэхъуапсэ дэтхэнэми и мурад дахэр къехъулIэну, адыгэу дунейм текъухьар зэгуэр дызэрыгъуэтыжыну, къеблэгъэжахэр адыгэ щIыналъэм лъэ быдэкIэ фыщыувыну, фыщыбэгъуэну! - къекIуэлIахэм захуигъэзащ ДАХ-м и тхьэмадэм.

Сэхъурокъуэ Хьэутий тепсэлъыхьащ адыгэхэр хамэщI къыщыщыхутам гугъу ехьами, иужькIэ, къацIыхуа нэужь, ахэр зыхэс лъэпкъхэм пщIэ къыхуащIу, къалъытэу, я IэщIагъэ-щIэныгъэкIэ ехъулIэныгъэфIхэр къагъэлъагъуэу нобэм къызэрысам. Апхуэдэу тхьэмадэм къыхигъэщащ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я щIэблэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм кърагъэблэгъэнымкIэ, пщIэншэу щрагъэджэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIыр.

ДАХ-м и тхьэмадэм и псалъэм къыпищэу, нэхъыжьхэм хъуэхъу дахэкIэ захуигъэзащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**:

- 1957 гъэм Москва дунейпсо фестиваль щыщекIуэкIым, зэрымыщIэкIэ щызэIущIауэ щытащ Сирием къикIа адыгэ гупрэ ди республикэм щыщ къэфакIуэхэмрэ. Абдежым къыщыщIидзащ хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ зэрыщIэныр. Нобэми ужьыхыркъым ди зэхуаку дэлъ гуапагъэр, зэныбжьэгъугъэр. Арами, ди лъэпкъэгъухэм хэкум къагъэзэжыным теухуауэ Iуэхур и пIэм имыкIыу жыпIэ хъунущ, хамэ къэрал щыпсэухэмрэ къекIуэлIэжхэмрэ я бжыгъэр зэхуэбгъадэмэ. Дэтхэнэми зыщIэдгъэкъуэну яужь дитщ, ауэ сэбэп дызыхуэмыхъуфи щыIэщ. Псори дэ дэлъытакъым, адыгэр щыпсэу къэралым и хабзэхэми куэд иIыгъщ. Сирием адыгэ мини 2, Тыркум - 268-рэ, Иорданием 35-рэ къикIыжауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу. Абыхэм я нэхъыбэр унагъуэу тIысыжащ, лэжьыгъи ягъуэтыжащ, дызыдэмыIэпыкъуфахэр Налшык къалэ и зыгъэпсэхупIэхэм щIэсщ, зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщауэ, - жиIащ абы.

ХьэфIыцIэм и псалъэхэм арэзы техъуэу къэпсэлъащ Сирием къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм илъэс куэдкIэ къулыкъу щызыщIа, юристу щылэжьа **Понэж Яшар**. Абы зэрыжиIэмкIэ, Хэкум игъэзэжыну щIэмыхъуэпс адыгэ щыIэкъым, ауэ абы гугъуехь куэд епхащ.

- Псалъэм папщIэ, узыхэс къэралым къулыкъу хуэпщIэу, Адыгэ Хэкум бгъэзэжыну тебухуэмэ, а къулыкъум утрагъэкIынущ, псом япэрауэ. ЕтIуанэрауэ, апхуэдэ гукъэкI узэриIэххэм къыхэкIыу, илъэсищ къыптралъхьэнурэ, тутнакъэщым урадзэнущ. Сызыхуей щIыпIэм сыщыпсэуну сыхуитщ жыпIэрэ, судым ущытхьэусыхэмэ, Iуэхур къэпхьынущ. Ауэ абы ипэ уи мылъкур къэралым птрихынщ, тезырышхуэ уагъэпшынынщи, уздежьам узэрынэсын Iэмал уимыIэжу укъагъэнэнущ. Урысейм и цIыху ухъуну тыншу щыщыта 90 гъэхэм ди лъэпкъэгъу куэд хэкум къагъэзэжыну щIэхъуэпсу апхуэдэ гуэрщ къызэтезыгъэувыIар, - жиIащ Понэж Яшар.

Илъэс куэд ипэкIэ Тыркум къикIыжа **IутIыж Мэжид** зэрыжиIэмкIэ, адыгэу дунейм тетыр зэгуэр Кавказым щыпсэууэ зэрыщытар къалъытэу, хэкум къызэрагъэзэж, урысей паспорт къызэрыдах Iуэхухэр ящыгъэпсынщIапхъэщ, унафэ щхьэхуи къахудэгъэкIын хуейщ. Апхуэдэу Мэжид къыхигъэщащ Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэхэм я Iуэхур дэгъэкIынымкIэ, я гъащIэр, лэжьыгъэр, псэукIэр зэтеувэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу куэд республикэм зэрыщагъуэтыр, арами, къулыкъущIэхэм, унафэщIхэм мы Iуэхум гулъытэ нэхъ хуащIатэмэ, Iуэхур нэхъ псынщIэу зэрыкIуэтэнур.

IэщIагъэ, щIэныгъэ, зэфIэкI гуэр зыбгъэдэмылъ яхэткъым Хэкум къэзыгъэзэжхэм. ЦIыхум ищIэн имыгъуэтмэ, зэрыпсэун къыхуэлэжьынукъым. Мис а IуэхумкIэ къэралым зыкъыпщIигъакъуэмэ, сэбэп къыпхуэхъумэ, уи къару къиихь къыумыгъанэу улэжьэнущ, уи унагъуи пхуэпIыжынущ. Хэкум къэзыгъэзэжахэм я пщIантIэпскIэ къалэжьыжыр яфIэIэфIу, республикэм сэбэп хуэхъуу, гуфIэу, къызыхыхьэжа цIыхухэм яхэгъуащэу псэуну хущIокъу. ЗэIущIэм къыщапсэлъахэри щыхьэт тохъуэ абы. Хэкужьым теухуа адэшхуэ хъыбархэм щIэдэIуурэ, зэи ямылъэгъуа щIыналъэмкIэ къэхъуапсэу къэтэджа, зи мурадыфIхэр нахуапIэ зыщIа ди лъэпкъэгъухэм я махуэшхуэмкIэ иджыри зэ дохъуэхъу, къагъэзэжыну зи гурылъхэми я Iуэху дэкIыну ди гуапэщ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



ЗэIущIэр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и IуэхущIапIэм щокIуэкI.

## ✪ Ди къуэш республикэхэм

### Улахуэм хагъахъуэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КъумпIыл Мурат Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и унафэ щхьэхуэхэм къыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэзащIэм кърикIуахэм щыхэплъа зэIущIэ.***

КЪЭРАЛЫМ и Президентым и накъыгъэ унафэхэр зэрагъэзащIэм щыхэплъэм, гулъытэ хэха хуащIащ бюджет IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэным. АР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Мырзэ Джанбэч зэрыжиIамкIэ, мы гъэм и япэ мазихым лэжьакIуэ щхьэхуэхэм я курыт улахуэр къалэн зыщащIыжам и процент 70-90-м нагъэсащ.

Премьер-министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Широковэ Наталье къыхигъэщащ мы гъэм кърихубыдэу а Iуэхур зэфIэха зэрыхъунур. Бюджет лэжьакIуэхэм я улахуэр хэгъэхъуэным сом мелуан 326-рэ текIуэдэнущ. Жэпуэгъуэм я улахуэр къаIэтынущ егъэджэныгъэ, медицинэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм.

### Хасэм къыбгъэдэкI гуапагъэ

***Хабзэ хъуауэ, Адыгейм и Къэрал Совет-Хасэр шыщхьэуIум и 1-м йогуапэ зи хэку къэзыгъэзэжа унагъуэхэу иужь илъэсым сабий къызыхуэхъуахэм.***

РЕСПУБЛИКЭМ и Парламентым и УнафэщI Нарожный Владимир щыIащ Сирием къикIыжу Махуэхьэблэ дэтIысхьэжа унагъуитIым я деж икIи ехъуэхъуащ сабий къазэрыхуэхъуам папщIэ. Адэ-анэхэм тыгъэ яхуищIащ, узыншагъэ яIэну, зэIузэпэщу псэуну зэригуапэри яжриIащ. Апхуэдэ гулъытэ хуащIащ нэгъуэщI унагъуэхэми.

Республикэм исщ Косовэм, Сирием, Иорданием, Израилым, Германием, США-м къиIэпхъукIыжахэр. Ахэр мамыру щопсэу икIи щолажьэ я адэжьхэм я щIыналъэм икIи абы и социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуащI.

### ПроектыщIэхэр зэрыпхагъэкIым топсэлъыхь

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Байсултанов Одесрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ зэхуэзащ икIи тепсэлъыхьащ мыхьэнэшхуэ зиIэ инвестицэ проектхэр КъШР-м зэрыщыпхагъэкIым.***

БАЙСУЛТАНОВ Одесрэ Темрезов Рашидрэ зытепсэлъыхьахэм ящыщщ «Архъыз» зыгъэпсэхупIэм бгы-лыжэ ухуэныгъэхэр зэрыщекIуэкIым, медицинэ хуэIухуэщIэр республикэм щрагъэфIэкIуэным зэрызыхуагъэхьэзырым.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

## НОБЭ

♦**УФ-м и Хьэуа-Десантыдзэхэм я махуэщ**. Ар Белоруссиеми Къэзахъстанми щагъэлъапIэ. 1930 гъэм Москва дзэ округым зыгъэсэныгъэхэр Воронеж къалэм пэмыжыжьэу щригъэкIуэкIыу япэ дыдэу хьэуа десант абдеж къыщетIысэхауэ щытащ. Аращ махуэм лъабжьэ хуэхъуар.

♦**Азербайджаным щагъэлъапIэ Лъэпкъ кином и махуэр**

♦**Македоние Республикэм и махуэщ**

♦**Коми Республикэмрэ Ненецкэ автоном округымрэ щагъэлъапIэ Щыхьым и махуэр**

♦**Сербием и Авиацэм и махуэщ**

♦**1790 гъэм** США-м цIыху дапщэ щыпсэуми япэу къабжауэ щытащ.

♦**1887 гъэм** Ходж Роуэлл гъущI кIапсэ банэр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ иратащ.

♦**1906 гъэм** Португалием къыщызэрагъэпэщащ «Порту» футбол клубыр. Ар тIэунейрэ щытекIуащ Чемпионхэм я лигэм, УЕФА-м и кубокри къихьащ.

♦**1916 гъэм** Москва АМО заводыр щаутIыпщащ. 1933 гъэм абы Сталиным и цIэр фIащащ. Иджыпсту ар Лихачёвым и цIэр зезыхьэ ЗИЛ заводырщ.

♦**1933 гъэм** Беломор-Балтие кIэнауэр, Сталиным и цIэр зыфIащар, километр 227-рэ и кIыхьагъыу ятащ.

♦**1940 гъэм** Молдавскэ ССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦**1942 гъэм** Налшык Дзэ Плъыжьым щхьэкIэ щагъэхьэзырат ткIуаткIуэ къауэу птулъкIэ мин 20.

♦**1945 гъэм** Потсдам щекIуэкIа конференцыр зэхуащIыжащ.

♦**1990 гъэм** Иракыр Кувейтым теуащ.

♦**1995 гъэм** «Русское радио» радиостанцыр къызэрагъэпэщащ.

♦Совет щIэныгъэлI, инженер цIэрыIуэ, «Рубин» ЦКБ-м и унафэщIу щыта, псыщIагъырыкIуэ аппарат 200-м щIигъум я конструктор нэхъыщхьэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Спасский Игорь** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦ Кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь, нэгъуэщI къэрал куэдым я дамыгъэ лъапIэхэри зыхуагъэфэща **Быковский Валерий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Гъуэгухэр

## ЩIэрыщIэу тралъхьэж

**Старэ Шэрэдж, Псыгуэнсу, Зэрэгъыж жылагъуэхэр зэпызыщIэ гъуэгухэр щIадзауэ зыхуей хуагъазэ.**

ЯМЫЛЕЙУЭ хуабэ мы махуэхэми лэжьыгъэр къызэтрагъэувыIэркъым. ТехникэкIэ хъарзынэу къызэгъэпэща лэжьакIуэхэм асфальтыр лъащIэм нэсу къытрагъэкъэбзыкIри, щIэрыщIэу тралъхьэж. Зы махуэм хуэзэу километр зыбжанэ зыхуей хуагъэзэф.

Гъуэгу лэжьыгъэхэм дагъакIуэ лъэмыжхэм я щытыкIэм кIэлъыплъынри, гъуэгу дамыгъэхэр зэгъэзэхуэжынри. Мы Iуэхухэр фокIадэм нэмысу зэфIахынущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Уипщ хьэхуэгъу-щIыхуэгъу умыщI.**



● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

# Къалэнхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ

**КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Граждан обществэм зегъэужьынымкIэ, лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэмкIэ и комиссэм Тырныауз къалэм щригъэкIуэкIа зэIущIэм щызэпкърахащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм граждан обществэм зыщегъэужьыным хуэунэтIауэ къэув къалэнхэмрэ абыкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ.**

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и тхьэмадэ Отаров Исмэхьил, Тырныауз къалэмрэ къуажэхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, жылагъуэ организацэхэм, IуэхущIапIэхэм я нэхъыщхьэхэр.

Жылагъуэ палатэм и комиссэм и унафэщI Маслов Николай и пэублэ псалъэм къыхигъэщащ мы зэманым граждан обществэм и щытыкIэр мыкоммерцэ организацэхэр социальнэ Iуэхухэм зэрыхущытым куэдкIэ зэрелъытар, жылагъуэ институтхэмрэ властым и къудамэхэмрэ зэрыщIэу, лъэныкъуэхэм я сэбэп хэлъу зэдэлэжьэныр дэтхэнэ къэралми зэпэщу зезыгъэужь Iэмалыфlу зэрыщытыр.

Ди республикэм ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэм и институтрэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэмрэ щолажьэ, унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэгъэпса мыкоммерцэ организацэу 800-м щIигъу щатхащ. Апхуэдэу властымрэ жылагъуэмрэ я зэпыщIэныгъэр къызэзыгъэпэщыну зи къалэн нэгъуэщI жылагъуэ IуэхущIапIэхэри мэлажьэ: Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым, республикэм и министерствэхэм, ведомствэхэм, щIыпIэ самоуправленэмкIэ IэнатIэхэм я деж щыIэ жылагъуэ советхэр.

- Арами, къэрал властым и къудамэхэр, щIыпIэ самоуправленэм и IуэхущIапIэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр гъэхуауэ, фейдэ пылъу икIи арэзы укъищIу зэдэлажьэу пхужыIэнукъым. Социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэм я зэкIэлъыхьыкIэр зызыужьа жылагъуэм щызекIуэ демократие пщалъэхэм иджыри къитIасэркъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтеувэ граждан обществэм и институтхэм иджыри нэгъэсауэ закъыхузэгъэпэщыжыркъым, хабзэхъумэ IэнатIэхэри хэту, властым и къудамэхэм я лэжьыгъэм жылагъуэр зэрыкIэлъыплъыпхъэр тэмэму ягъэбелджылакъым, зэрызэдэлажьэ, жылагъуэр зэрызэщIагъэуIуэ Iэмалхэр ирикъуу къагъэсэбэпыркъым, - къигъэлъэгъуащ Маслов Николай.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм деж щыIэ Жылагъуэ советым и унафэщI Энеев Мыхьмуд граждан обществэм и институтхэм муниципалитетым зэрызыщауж щIыкIэр зэхуэсахэм яхуиIуэтащ. ЩIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэмрэ жылагъуэмрэ я зэпыщIэныгъэр фейдэ пылъу къызэзыгъэпэщ Iуэхугъуэхэм ящыщу абы щапхъэу къихьащ зэуIуу щызэчэнджэщ, муниципальнэ щIыналъэм и ЩIалэгъуалэ администрацэр, «2014 - 2017 гъэхэм КъБР-м и Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым жылагъуэ организацэхэмрэ граждан обществэм и институтхэмрэ зэрыщадэлэжьэнур» щIыналъэ программэр, нэхъыжьыфIу, цIыху цIэрыIуэу 32-рэ хэту щIыпIэ администрацэм деж нэгъабэ къыщызэрагъэпэща жылагъуэ советыр

- Iуащхьэмахуэ районым граждан обществэм зыщиужьыныр зи къаруилъыгъуэ щIалэгъуалэм IэнатIэ зэрагъуэтым, я Iуэхухэр зэрыдэкIым къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ. Тырныауз вольфрам-молибден комбинат цIэрыIуэм щIыпIэм щыпсэухэр лэжьыгъэкIэ къызэригъэпэщырт. Властым и федеральнэ, и щIыпIэ къудамэхэм ар ирагъэжьэжыну я къалэнщ, - къыхигъэбелджылыкIащ Энеев Мыхьмуд. Абы къигъэлъэгъуащ щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным, цIыхухэр социальнэу хъумэным, жылагъуэ-политикэ щытыкIэр гъэбыдэным районым и жылагъуэ, дин организацэхэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIыр, цIыхухэм я зэхэщIыкIым, я жыджэрагъым хэгъэхъуэным дяпэкIи я къарур ирахьэлIэну зэрагъэщыгугъыр.

Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэр щIыналъэм щыгъэбыдэным, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ хэкур фIыуэ ялъагъуу къэгъэхъуным, унагъуэхэр дэIыгъыным, цIыхубзхэр жылагъуэ гъащIэм нэхъ жыджэру хэшэным, курыт еджапIэхэм я Iуэхузехьэ советхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и лIыкIуэхэм ях жэуапым хэгъэхъуэн зэрыхуейм.

Зэхыхьэм кърикIуам тещIыхьауэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Граждан обществэм зегъэужьынымкIэ, лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэмкIэ и комиссэм Iуэхур зэхьэлIахэм яхуэгъэзауэ зыхуэфащэ чэнджэщхэр къиштащ.

*КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Лъэпкъыр зэрыгушхуэ

**Хэку зауэшхуэм и илъэс хьэлъэхэр кIуэ пэтми тпэIэщIэ мэхъу, ауэ ди цIыхухэм зэрахьа лIыгъэмрэ къагъэлъэгъуа хахуагъэмрэ дапщэщи фэеплъ лъапIэу къыддокIуэкI. СССР-м хэта къэралхэм ящыщу зы унагъуи щыIэкъым а нэщIэбжьэ бзаджэр зылъэмыIэса. 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыдащIылIа лъапсэрых зауэ гущIэгъуншэр къызэрымыкIуэ къэхъукъащIэ шынагъуэт. Ауэ пэжыр текIуащ, совет цIыхубэр зэщIэтаджэщ, зылI и быну бий ерум пэщIэувэри, лейзехьэхэр я гъуэм ираукIыхьыжащ. А псэзэпылъхьэпIэ лъэхъэнэм ди цIыхухэм къалъыкъуэкIа къару мыкIуэщIыжыр гъащIэ щыIэхукIэ хэгъуэщэнукъым. ТекIуэныгъэ лъапIэр къытхуэзыхьахэм я цIэр бэм яIэт, пщIэ лей хуащIу, иригушхуэу зэIэпах, я щапхъэм щIэблэр щIапIыкI.**



● Щапхъэ

Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Семэн Гаврил и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ и гъусэу.

АБЫХЭМ ящыщщ Хэку зауэшхуэр къыщыхъея махуэ дыдэм илъэс 20 ирикъуа Семэн Гаврил Василий и къуэр. 1922 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м Мэздэгу щIыналъэм хыхьэ Соколовэ къутырым щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэшхуэм къыщалъхуа нэхъыжьыфIыр, районым и мызакъуэу, республикэ псом нэхъ пщIэшхуэ щызиIэ ветеранщ. Абы и бгъэр ягъэдахэ къэралым къыхуигъэфэща Хэку зауэ ордену щым, «ЩIыхь орденым» и етIуанэ, ещанэ нагъыщэхэм, «Къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ» медалым, «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» Дыщэ Вагъуэм, Ленин, ГущIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь, Октябрь революцэ орденхэм, «Осетием и щIыхьым папщIэ» медалым, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэм.

Унагъуэр зэрыхуэмыщIам къыхэкIыу, Гаврил къиухар класситIщ, къэжэпхъыхункIэ, и къуэш нэхъыжьхэми хуэдэу, ар и адэ-анэм я щIэгъэкъуэну, я лъапсэр зэрихьащ. Семэнхэ я унагъуэр колхозым япэу хыхьахэм ящыщщ. КъыдэкIуэтея нэужь, Гаврил шыгуху ящIати, ерыскъырэ псырэ губгъуэм дишырт. И адэ, Василий бжьэхуцгъэкI гупым и унафэщIт. ЩIыналъэм бжьэхуцыр нэгъэсауэ зэрыщымыхъум къыхэкIыу, зэщIакъуэжа нэужь, къэмытIэпIа щхьэ цIыкIухэр зэхуахьэсырти налъэхэр къыкIуэцIахын щхьэкIэ, унагъуэхэм трагуашэрт. Ар цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ я лэжьыгъэт.

- А зэманым бжьэхуцым стратегие мыхьэнэ иIэти, Iухыжыныр кIыхьлIыхь зэрыхъуамкIэ ягъэкъуаншэри, си адэр илъэситхукIэ ягъэтIысат, - игу къегъэкIыж ветераным и жагъуэу.

Зауэм и пэ къихуэу тутнакъыр къеух, къегъэзэжри, къызэрыгуэкI лэжьакIуэу колхозым хохьэж. Германиер къыттеуэным зы тхьэмахуэ зэхуаку иIэжу шыгур и адэм иретри, Гаврил дзэм макIуэ. Илъэс 19 зи ныбжь щIалэм дэнэ щищIэнт абырэ и къуэшымрэ иужьу илъагъужу зэрыарар: и адэ Василий Новороссийск, Георгий - Киев къалэхэм я Iэшэлъашэм щыхэкIуэдащ, Пётр хъыбарыншэ хъуащ. Апхуэдиз гуауэм къыхэкIыу, къыщалъхуа махуэр, мэкъуауэгъуэм и 22-р, игъэлъэпIэну Гаврил фIэкъабылкъым. И илъэс 95-рэ юбилейр мы гъэми рестораным щигъэлъэпIэн идакъым. «Си Iыхьлыхэмрэ си благъэхэмрэ къызэхъуэхъуну хуеймэ, унэм нрекIуэ, гуфIэгъуэ Iуэху гуэри къыдэсхынукъым икIи сыхэтынукъым, - зеумысыж ветераным.

Семэнхэ я щIалэ жыджэрхэм я жэрдэмкIэ, нэхъыжьым и хабзэм Iэдэбу къыпакIухьри, тIэунейрэ лъэпкъ зэхуэс зэхашащ. Япэр - 2011 гъэм Русскэ къуажэм щыщ Семэн Георгий и унагъуэм щрагъэкIуэкIащ, етIуанэр - ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъумрэ я лъэпкъым и цIэфI жезыгъэIа Гаврил Василий и къуэмрэ щагъэлъэпIа махуэм къызэрагъэпэщащ. КъызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ Семэн Валерэ и фIыгъэкIэ, а илъэсиплIым я зэхуакум къриубыдэу, 19-нэ лIэщIыгъуэм и кIэухым псэуа Матвей и деж къыщыщIадзауэ я лъэпкъым щыщу цIыхуи 112-м я цIэхэр къагъуэтыжри, зэкIэлъыхьауэ ятхыжащ. Абы лIакъуитху къеубыд.

- Нобэ ирихьэлIэу, еханэ лIакъуэм щыщ ныбжьыщIэхэри хэту, дэ, Семэнхэ, 120-м дыщIегъу, - жеIэ Валерэ.

ЕкIуу, щхъуэкIэплъыкIэу, удихьэхыу гъэщIэрэщIа стендым щызэхуэгъэкIуа сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр я блэкIам и гъуджэт. Семэн Валерэ дэтхэнэми щхьэхуэу тепсэлъыхьырт, адэ жыжьэ къыщежьауэ къадекIуэкI хъыбар гъэщIэгъуэнхэмкIэ щIигъэбыдэурэ, я тхыдэ къулейр къитIэщIыжырт. Ауэ нэхъ иригушхуэу, нэхъ гъэнщIауэ зи гугъу ищIыр я лъэпкъым и тхьэмадэ, жьыщхьэ махуэ угъурлы, нэхъыжь Iумахуэ Семэн Гаврилт. Абы къыхуагъэфэща къэрал дамыгъэхэр, фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр дакъикъэ зыбжанэкIэ кърабжэкIын хуей хъуащ. Дэтхэнэ зыри нэхъыжьыфIым и къэмыланджэж лэжьыгъэм, и гуащIэ хьэлэлым къызэрыпэкIуар къыхагъэщу, хъуэхъухэр яукъуэдийрт. Ауэ мыр къызэрыгуэкI зэш-зэхуефэ зэхыхьэтэкъым, атIэ Семэн унэцIэм къытепщIыкIа лъэпкъыр зы унагъуэшхуэу щызэрыубыдыж Iуэхугъуэ гукъинэжт...

Фронтым яшэхэр, ямыгъасэу, занщIэу зауэм Iуадзэу, абы и зэранкIэ ди дзэхэм хэщIыныгъэшхуэ ягъуэту щытауэ жызыIэхэр мымащIэу щыIэт. Семэн Гаврил и нэгу щIэкIар нэгъуэщIщ: ар зыхэхуа гупыр фронтым папщIэ тIасхъэщIэххэр щагъэхьэзыр етIощIанэ еджапIэ танк полкым ягъакIуэ икIи 1943 гъэм и гъатхэ пщIондэ абы егугъуу щагъасэ. ИтIанэщ зауэм щыIухьар. ИужькIэ маршал хъуа генерал Рыбалкэ зи унафэщI ещанэ гвардие танк армэм и тIасхъэщIэх батальон щхьэхуэм хохуэ. Сержант Семэныр тIасхъэщIэх гупым и командир ящI, америкэн бронетранспортёр кърат. Гаврил дзэ тIасхъэщIэхым и Iэмалхэм я мызакъуэу, Iэщэ лIэужьыгъуэхэм фIыуэ хищIыкIырт, ахэр гъэхуауэ къигъэсэбэпыфырт, бронетранспортёрыр Iэзэу зэригъакIуэрт. Зауэ нэужьым а псор сэбэпышхуэ къыхуэхъужащ.

Орлов - Курск щIыпIэм щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм я ужькIэ, ещанэ гвардие танк армэм и тIасхъэщIэх батальоным хэту, Семэныр Днепр псым зэпрыкIащ, Киев къалэр, КъухьэпIэ Украинэр, Польшэр хуит къыщащIыжым, Берлин къыщащтэм къыхэжаныкIащ. И дамыгъэхэр абыхэм къапэкIуащ. Гаврил дежкIэ дэтхэнэри лъапIэщ, ауэ игъэнэхъыщхьэр япэу къыхуагъэфэща сэлэт медалырщ - «Къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ» жыхуиIэрщ.

- Киев къалэр хуит къызэрытщIыжыным зыхуэдгъэхьэзырырт. А щIыпIэм фашистхэм лъэщу зыщагъэбыдати, «бзэгу» къэтхьын хуейуэ си гупым къалэн къыщащI. Жэпуэгъуэ мазэм и кIэхэрт. Жэщыр хэкIуэтауэ дожьэри, бийм и хэщIапIэм гъунэгъу зыхудощI. Гу къытлъамытэу фронтым дызэпрыкIын хуейти, къыкIэлъыкIуэ махуэм абы и тIасхъапIэр къыдолъыхъуэ, къыдогъуэтри, километр тIощI хуэдизкIэ фашистхэм я щIыб дыкъыщыдохьэ. Мэз лъапэм нэху къыщыттощхьэ. Унэ цIыкIурэ щIэхъумауэ топитIрэ тпэмыжыжьэу къыщытщ. Махуэ псом нэмыцэхэм дакIэлъыплъащ. Топхэмрэ унэ цIыкIумрэ зыхъумэ къэрэгъулыр сыхьэтитI къэс яхъуэж, апхуэдэу дакъикъэ пщыкIутху нэхъ димыгъэкIыу, зыгуэр пырхъуэм къытохьэри, плъырым йоджэ. Унэ кIуэцIым уэрэд, кIий-гуо макъхэр къыщIоIукI. ЗэрыхуэдгъэфащэмкIэ, ахэр 10-12-м нэсырт. Жэщ зэрыхъуу, яхъуэжа къэрэгъулыр Iутхри, къыщIэкIынум дыпэплъэу зыдущэхуащ. Дакъикъэ 15 нэхъ дэмыкIыу, къэпщытакIуэр пырхъуэм къытехьащ. Дызэжьар арати, и плъырым зэреджэу, си дэIэпыкъуэгъум нэмыцэр ириудри, и жьэм хъыдан жьэдикуащ. Танккъутэ гранатэр фашистхэм яхэддзащ, «бзэгур» къетхьэжьэри, дыкъежьэжащ, икIи жэщитI-махуитIым дынэсыжащ. Абы папщIэ, «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэр къысхуагъэфэщащ. 1943 гъэм щэкIуэгъуэм и 6-м Киев къалэр хуит къэтщIыжащ. 1945 гъэм накъыгъэм и 5-м ди танк армэр Берлин дыхьат, ауэ, затын ямыдэу, Чехословакием зыщызыгъэбыда фашистхэмрэ епцIыжакIуэ генерал Власовым и бандэмрэ зэхэкъутэн хуейти, абыкIэ дымыгъазэу хъуакъым, - къеIуэтэж Гаврил и зауэ гъуэгуанэр игу къигъэкIыжу.

Семэным къыщигъэзэжар 1946 гъэм и дыгъэгъазэрщ. Зэрыкъуажэу абы пежьат. Ар зи нэгу щIэкIахэм ноби фIыуэ ящIэж Хэкум къихьэжа лIыхъужьым и япэ псалъэхэр: ди Iэ-ди лъэр щыпсэукIэ, дылэжьэнщ». Илъэс 24-рэ зи ныбжь зауэлIыр и къуажэмрэ хозяйствэмрэ фIы яхуищIэну хуэпабгъэти, сыт хуэдэ Iуэхуми еувэлIэну хьэзырт. ИкIи Калининым и цIэр зезыхьэ колхозым и тракторист, и комбайнер нэхъ Iэзэ дыдэу къалъытэ Бэрэгъун Лазар щIыгъуу СТЗ тракторыр зэрегъэпэщыжри, абы ирилажьэу щIедзэ. А зэманым трактористым пщIэшхуэ иIэт, и гуащIэм хъер хъарзынэ къыпэкIуэрт. Къапщтэмэ, трудоденым хуэзэу гъавэ тоннищым нэс къилэжьырт. Ар мылъкушхуэт. Гаврил лэжьыгъэм зыкъригъэлыртэкъым, и пщэрылъхэр егугъуу, дагъуэншэу игъэзащIэрт, езыр зэпIэзэрытти, фIыщIэ лей лъыхъуэртэкъым. И зэфIэкIыр районым хэIущIыIу щыхъуати, щапхъэу ягъэлъагъуэрт. Апхуэдэурэ и гуащIэ хьэлэлым пщIэ къыпэкIуэу хуожьэ - 1966 гъэм Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденыр къыхуагъэфащэ.

Колхозым и звеноитIым я зыр Бэрэгъун Лазар ейт, адрейр Семэным зэрихьэрт. КъыкIэлъыкIуэ илъэситхум Гаврил и гупым бжьыпэр еубыд икIи абы къыпэкIуэу 1971 гъэм Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащ, Ленин орденри кърат. Абдежми къыщыувыIакъым - зи чэзу илъэситхум и планыр щIигъуу зэригъэзэщIам къыхэкIыу, 1978 гъэм Октябрь революцэ орденыр къыхуагъэфащэ.

КъызэрыгуэкIщ Гаврил, цIыхугъэшхуэ зыхэлъ, хабзэ хьэлэмэт къызыдекIуэкI нэхъыжьыфIщ. Хуитыныгъэ псори иIэми, и дамыгъэ лъапIэхэр и щхьэ IуэхукIэ къигъэсэбэпын фIэфIкъым.

Илъэс 50-м нэблагъэкIэ зыдэпсэуа и щхьэгъусэ Мариерэ абырэ щIалищ зэдагъуэтащ, зэдапIащ, гъуэгу захуэ трагъэхьащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, я нэхъыжьыр пасэу дунейм ехыжащ. ЩIалэ курытыр Мэздэгу, нэхъыщIэр Налшык щопсэу. Къуэрылъхуихрэ, абыхэм къатехъукIыжауэ щIэблийрэ яIэщи, ахэр ветераным и къулеигъэ нэхъыщхьэщ.

КъикIуа гъуэгу бгъуфIэм уриплъэжмэ, насыпыфIэщ Гаврил. Iуэхугъуэ куэдхэмкIэ гъэнщIа гъащIэ кIыхь къигъэщIащ, зылI ищIэн ищIащ, лэжьыгъэшхуэ кърихьэлIащ. Аращ абы и пщIэр щIэлъагэр, и Iыхьлыхэм, и ныбжьэгъухэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щIафIэлъапIэр, и цIэр дапщэщи иригушхуэу къыщIраIуэр.

А псор, шэч хэмылъу, и дуней тетыкIэ, и цIыху хэтыкIэ, и гуащIэ хьэлэлкIэ къилэжьыжащи, илъэс 95-рэ зи ныбжь ветераным адэкIи къыхузэпищэну ди гуапэщ.

**АРУАН Алий.**

● Бахъсэн щIыналъэ

# Псы Iуэхур ягъэнэхъапэ

**Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и зи чэзу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ жылагъуэхэр псыкIэ къызэгъэпэщыным, щIыпIэхэр гъэкъэбзэным пыщIа Iуэхугъуэхэм.**

АР ИРИГЪЭКIУЭКIАЩ муниципальнэ районым и Iэтащхьэм и къуэдзэ Ует Анэтолэ. Зэхыхьэм хэтащ къуажэ унафэщIхэмрэ «Коммунсервис» ООО-м и IэщIагъэлIхэмрэ.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ цIыхухэр зэфэ псыр районым и жылагъуэхэм зэгъэзэхуауэ къызэрыщамыгъэсэбэпыр.

- ХадэхэкIхэмрэ жыг хадэхэмрэ псы щыщIагъэхьэ лъэхъэнэм цIыхухэр зэфэ псыр зэгъэзэхуэныр гъэтIылъыпIэ зимыIэ къалэну къоув. Абы къыхэк!ыу, бжьамийхэм я щытыкIэм зэрыкIэлъыплъ щIыкIэр дгъэлъэщын, псыр лейуэ зыгъэкIуэдхэм, зэзымыгъэзахуэхэм ткIийуэ дабгъэдыхьэн, псым ириджэгухэм я зэранкIэ, къуажэхэр тэмэму абыкIэ къызэгъэпэща зэрымыхъур цIыхухэм ягурыдгъэIуэн хуейщ, - къыхигъэщащ Ует Анэтолэ, зэIущIэм хэтхэм захуигъазэу.

Апхуэдэу зэхыхьэм щыхэплъащ щIыпIэхэм я санитар щытыкIэр зыхуэдэм, цIыхухэм ят пщIэр процентищэкIэ къызэрызэрагъэпэщыпхъэм, щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэм хуэгъэпсауэ «ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и къэрал хъыбарегъащIэ системэм и IуэхукIэ» 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №209-р гъэзэщIа зэрыхъум.

Бахъсэн щIыналъэм щыпсэухэу пщIэ зыхуащIхэ! ЦIыхухэр зэфэ псыр зэвгъэзэхуэну, хадэхэм щIэвгъэхьэр зэрыхъукIэ вгъэмэщIэну дыныволъэIу.

*Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Дыкъыщалъхуа щIыналъэм



Мы гъуэгу нашэкъашэм Iуащхьэмахуэ и лъапэм щыIэ псы хущхъуэхэм деж уешэ. *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Хэку зауэшхуэр ди нэгу къыщIегъэувэж

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

**Шыщхьэуlум и 2-м сыхьэт 12-м Горабаши псы цIыкIумрэ Азау хуеймрэ я зэхуакум щагъэлъэгъуэнущ 1942 гъэм и бжьыхьэм мыбы щекIуэкIа зэхэуэхэм я теплъэгъуэхэр. Iуэхур хохьэ Кавказым теухуа зэзауэхэм зэрыщIидзэрэ илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа «Пшэхэм я щхьэкIэ щыIэ фронт» фестивалым. Абы ирагъэблагъэ еплъыну гукъыдэж зиIэ псори. ЩIыпIэм уи автомашинэкIэ е гупым уащIыгъуу автобускIэ укIуэ хъунущ. Теплъэгъуэхэм хэтынущ Дзэ Плъыжьымрэ Вермахтымрэ я зауэлIхэм я фащэхэр зыщыгъхэр. Абы щыIэнущ пиротехникэ Iэмэпсымэхэр (лагъым къагъауэ, шэ фий макъхэр). Зэхыхьэр къызэзыгъэпэщхэм дыкъагъэгугъэ мы Iуэхур псоми щIэщыгъуэ ящыхъуну.**

ШЫЩХЬЭУIУМ и 6-м сыхьэт 11-м апхуэдэ Iуэху ПщыкIузым я хэщIапIэм щрагъэкIуэкIынущ. Метр 4000-м щIигъу зи лъагагъ щIыпIэм дунейм щыяпэу апхуэдэ теплъэгъуэхэр щрагъэкIуэкIыу аращ. Къызэгъэпэщ мы Iуэхум псом хуэмыдэу жыджэру зыхуагъэхьэзыр, дунейм и щытыкIэм зегъэзэгъын зэрыхуейри къалъытэу. Шыщхьэуlум и 6-м пщэдджыжьым жьыуэ Дзэ Плъыжьымрэ Вермахтымрэ я къурш фочауэхэм я фащэхэмкIэ хуэпахэр кIапсэ гъуэгукIэ ПщыкIузым я хэщIапIэм дэкIынущ.

Шыщхьэуlум и 7-м альпинист къэлъыхъуакIуэхэр Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIынущ ТекIуэныгъэм и бэракъым ещхь нып яIыгъыу. Мы Iуэхур 1943 гъэм мазаем и 13-м Iуащхьэмахуэ дэкIа альпинистхэм я фэеплъщ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, абыхэм Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм нэмыцэ бэракъыр кърадзыхри Бэракъ плъыжьыр трагъэувауэ щытащ.

А псори хохьэ бадзэуэгъуэм и 25-м Азау хуейм и мэзылъэ щIыпIэм зыщыщIадза лэжьыгъэм. Шыщхьэуlум и 8 пщIондэ абы пщыIэ цIыкIухэр къыщызэIухауэ щытынущ. ЦIыхухэм щыгъуазэ защIыфынущ уеблэмэ зауэ зэманым щыIа хьэкъущыкъухэми. Фащэхэри хьэпшып псори лъэныкъуэхэр зэрызэпэщIэта Iэщэхэри 1942-1943 гъэхэм Кавказым папщIэ зэхэуэхэм къыщагъэсэбэпахэм хуэдэ дыдэщ.

Фестивалыр шыщхьэуlум и 15 пщIондэ екIуэкIынущ. А махуэм Терскол щыIэ къуэшыкхъэм щыщIалъхьэнущ Дзэ Плъыжьым и зауэлI 19-м къащIэнахэр. Ахэр къагъуэтащ Iуащхьэмахуэ лъапэ къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэр щыщрагъэкIуэкIым.

Зи гугъу тщIы Iуэхухэм я къызэгъэпэщакIуэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр, Iуащхьэмахуэ районымрэ Эльбрус къуажэмрэ я администрацэхэр, «Мемориал Эльбрус» лъыхъуакIуэ гупыр, Башкортостан Республикэм ЩIалэгъуалэ политикэмрэ спортымрэ и министерствэр. Хэкур щахъумэм хэIуэдахэм я фэеплъыр мыгъэкIуэдыжыным хуэунэтIа «Урысейм и къэлъыхъуэныгъэ зэщIэхъееныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр, нэгъуэщIхэри.

**ТАРИМ Алисэ.**

Опрышкэ Олег, урыс тхакІуэ

# Москва ухуэзышэ гъуэгур




## ЕпщыкІуханэ лІэщІыгъуэ. Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ зэкъуэзыгъэувахэр

*1957 гъэм СССР-м хуабжьу щагъэлъэпІауэ щытащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур. ДэкІащ абы лъандэрэ илъэс 60, ауэ а Іуэхум хэтахэм нобэми фІы дыдэу ящІэж щэнхабзэкІэ бей Москва хуэфэщэн гупышхуэ абы ягъэкІуауэ зэрыщытар, москвадэсхэри гуапэу къазэрыпыкъуэкІар.*

*Иджы илъэс 460-м декІуэлІащ СССР-р щымыІэжу, абы хэта республикэхэм яз РСФСР-м хуабжьу зихъуэжауэ, иджырей Урысей Федерацэм зихъумэжын, зиужьын папщІэ къыпэщыт Іуэхухэр зыкІи нэхъ щабэ мыхъуауэ.*

*Апхуэдэу щыщыткІэ, Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ а гъуэгур къыщІыхахам и щхьэусыгъуэр тщІапхъэщ, щІэныгъэмрэ тхыдэм и дерсымрэ я мыхьэнэм тетщІыхьу.*

*Тхылъ гъуэзэдджэ щыІэщ Опрышкэ Олег итхауэ - «По тропам истории». ЩІэныгъэлІым ар триухуащ XVI лІэщІыгъуэм и 50 гъэхэм къыщыщІэдзауэ XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм яку къриубыдэм Къэбэрдейм щекІуэкІа Іуэхугъуэхэмрэ мы щІыналъэм и цІыху цІэрыІуэхэмрэ. Тхылъыр иужьырейуэ 2007 гъэм къыдэкІыжащ (япэІуэкІэ XX лІэщІыгъуэм и 70-90 гъэхэм), «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм «Адыгская историческая серия» фІищауэ игъэхьэзырхэм ящыщу, уеблэмэ а Іуэхур зэраублар Опрышкэ и тхылъымкІэщ.*

*Шэч хэлъкъым мы тхылъым зэрыщыгъуазэм тхыдэр мащІэми куэдми зыджхэр, ауэ махуэшхуэ ягъэлъэпІэнум епхауэ иджыри зэ щхьэфэду дриплъэжынщ урысхэмрэ адыгэхэмрэ зэхуэзыша Іуэхухэм. Дызэрыриплъэжынури тхыдэтх-архивист Опрышкэ Олег и жыІэм тетущ.*

XVI ЛІЭЩІЫГЪУЭ зэрыхьзэриййм, лъыкІэ гъэнщІам икут...

Абы и пэІуэкІэ испанхэм къахута Америкэм зауэшхуэ щаублат я тетыгъуэр щагъэувын папщІэ икІи игъащІэм абы щыпсэуа инкхэмрэ ацтекхэмрэ ныбжьышхуэ зиІэ я щэнхабзэр зэтракъутэн щхьэкІэ яхуэзэфІэкІ къагъанэртэкъым. Европэм игъэзджыджырт тетыгъуэр зэпэзыубыдахэмрэ дин зэмылІэужьыгъуэхэр зыІыгъхэм зэращІылІэ зауэхэмрэ. Азиемрэ Африкэ Ищхъэрэмрэ хиубыдэ къэралхэм ящыщу Уэсмэн пащтхьыгъуэм зыІэщІиубыдэхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ хъурт, Европэм и ипщэ-къуэкІыпІэ щІыналъэу и лъэгу щІигъэувахэм нэхъри ягъэгушхуауэ.

Апхуэдэ дуней зэрызехьэхэм щыпсэут Урысейр зауэхэмрэ гузэвэгъуэхэмрэ зримыгъэщІыкІыу. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу адыгэхэми, урысхэм «Страна черкас пятигорских» жыхуаІэм, я щхьэхуитыныгъэр яхъумэжырт, зауэ хэмыкІыу: Батый, монгол-тэтэр, курытазие эмир Тимур жыпІэми, гъуэжькуиишхуэу ирикІуэрт Кавказымрэ Урысей Ипщэмрэ.

Зы зэрыпхъуакІуэхэм я лъэужь гъущын имыухыу, нэгъуэщІхэр абыхэм я пІэм къиувэрт. XV лІэщІыгъуэм къыщыщІэдзауэ адыгэхэм къеныкъуэкъуащ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и унафэм щІэт Кърым хъаныгъуэр.

Тырку-кърым дзэр минищэ бжыгъэу Къэбэрдеймрэ Шэрджэсымрэ къытемыуэу илъэс щІагъуэ дэкІыртэкъым. Урыс тхыдэтххэм я гугъу ящІ «пятигорск черкасхэм» 1545, 1547, 1552, 1553 гъэхэм ахэр къатеуауэ зэрыщытар. Къыхэгъэщыпхъэщ: Москва зи хъыбар нэсыр нэхъ зауэ гуащІэхэрат. Нэхъ цІыкІуфэкІухэр, къытеуэрэ цІыхурэ мылъкуу зыІэщІалъхьэфыр ирашрэ икІыжу, махуэ къэс жыхуаІэм хуэдэу къэхъу Іуэхугъуэт.

Шэрджэсымрэ Къэбэрдеймрэ Урысейм хуэплъэ цІыхухэр ист, Уэсмэн пащтыхьыгъуэмрэ Кърымымрэ пэщІэтыфыну, нэгъуэщІ лъэпкъхэри абыхэм щахъумэфыну къару а ищхъэрэмкІэ зэрыщыІэм шэч къытрамыхьэу.

ТхыдэмкІэ къэрал музеймрэ Къэрал архив нэхъыщхьэмрэ щахъумэ XVI лІэщІыгъуэм Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ Шэрджэсымрэ хуиІа зэпыщІэныгъэм теухуа тхыгъэхэр.

Къызыдогъэдзэк напэкІуэцІхэр: 1530 гъэм къалъхуащ пащтыхь Иван IV; 1547 гъэм Москва цІыхубэм зыкъыщІиІэтащ, тырку кърымыдзэр Къэбэрдейм теуащ; 1552 гъэм Къэзан къащтащ, Кавказ Ищхъэрэм и лІыкІуэхэр Москва къэкІуащ япэ дыдэу.

1552 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Москва и члисэ псом я тхьэгъушхэр къеуащ, Къэзан къызэращтам теухуауэ. Мазэ иримыкъут дэкІар Урысейм и къалащхьэм адыгэщІым и лІыкІуэхэр щрагъэблэгъам.

Иван IV абыхэм къащыхуэзащ Кремлым и Грановит пэшым, арат хамэ къэрал къикІахэр здрагъэблагъэр, зэІущІэ щекІуэкІыр, Іэнэри къыщаухуэр. А зэманым хабзэр арати, къызытекІухьам и гугъу ящІын и пэ, пащтыхьым иратащ тыгъэ хуашар: афэ джанэрэ таж пыІэрэ, сэшхуэ, шы ІэпслъэпслъапІэ, къэжэр дарийм къыхэщІыкІа фэилъхьэгъуэ, къуэкІыпІэм щызэрахьэм ещхьу дауэ.

ЛІыкІуэхэм я нэхъыжь Къаныкъуэ Мэшыкъуэ жиІащ тыркухэмрэ кърымхэмрэ адыгэщІхэр зэрахъунщІэр, щІалэхэмрэ лІыхэмрэ гъэр зэращІыр, цІыхубзхэр гаремхэм зэрашэр. Лъэщу къызэфІэува Урысейр къащхьэщыжыну зэрыщыгугъыр, абы къыхэкІыуи унафэм къыщІэувэну зэрыхуейр я лъэІум къыхэщу псэлъащ тхьэмадэр.

Адыгэхэм я япэ лІыкІуэхэр мазибгъукІэ щыІащ Москва. Абыхэм зрагъэлъэгъуащ быдапІэхэр, къэралым и ипщэ, къуухьэпІэ гъунапкъэхэр зыхъумэхэм я Іуэху зыІут ящІэн папщІэ абыхэм я дежи яшащ.

ХьэщІэхэр къыщежьэжым, пащтыхьым псалъэ иратащ пэжу Урысейм къулыкъу хуащІэну, пащтыхьым и унафэр ягъэзэщІэну.

ЛІыкІуэхэм я гъусэу Кавказ Ищхъэрэм къэкІуащ урыс дипломат Щепотьев Андрей Фёдор и къуэр, шууей 200 и гъусэу. Абы унафэ къыхуащІат Урысейм къыгухьэну хуейхэм я къарур зыхуэдэр, я псэукІэр зригъэщІэну.

... ИлъэситІым нэскІэ Щепотьев Андрей щыІащ Кавказ Ищхъэрэм. Абы и нэкІэ илъэгъуащ тыркухэмрэ кърымхэмрэ зэхакъута къуажэхэр, зи бын зыфІэкІуэда анэхэм я нэпс, щхьэхуитыныгъэм зи псэр щІэзыта лІыхэм я фызабэхэм я гуауэ. Щепотьевыр яхуэзащ Урысейм гухьэным и телъхьэхэми, ар зымыдэу Тыркумрэ Кърымымрэ я лъэныкъуэкІэ еІэхэми. Пщыхэм къахэкІащ абы къыщыгуфІыкІаи, зи нэгу щІэзымыгъэплъаи.

... 1553 -1555 гъэхэм адыгэхэм я деж щыІа Щепотьев Андрейрэ абы и гъусахэмрэ дэнэ щемытІысэхами, Іэнэ зэпэщ къыхуаухуэу, мэлыл, былымыл, мэз бжэныл, асыхьэту псым къыхадза бдзэжьей къуэлэн, махъсымэ, санэ, нэгъуэщІ куэди тету ягъэхьэщІэу кърашэкІащ. Андрей абы щыгъуэм къищІащ Іэнэм пэрысхэм зэрахьэ хабзэр.

ХьэщІэхэм папщІэ щІалэгъуалэм шыгъажэ, джэгу ящІырт.

Щепотьевыр щыІащ Псыжь, Тэрч, Бахъсэн, Балъкъ псыІуфэхэм, Къэбэрдеймрэ Шэрджэсымрэ я цІыхухэр зыхуэдэр къищІащ, уеблэмэ урысхэм ящыщу арагъэнущ япэу адыгэбзэ зэзыгъэщІар.

1555 гъэм шыщхьэуІу мазэм абы Москва игъэзэжащ, Къаншокъуэ Сибокъу зи пашэ адыгэпщ гупышхуэ щІыгъуу. Кремлым и Грановит пэшым аргуэру адыгэбзэ щыІуащ. Адыгэхэм жаІэр иджы пщым хузэзыдзэкІыр Щепотьеврат. ХьэщІэхэм жаІащ Урысейм къулыкъу хуащІэну, абы и бийхэр хигъэщІэнымкІэ дэІэпыкъуну адыгэхэр зэрыхьэзырыр.

Дипломатми и бысымхэм я псалъэм щыхьэт техъуэу, пащтыхьымрэ Бояр думэм хэтхэмрэ яжриІащ адыгэхэр Урысейм къыгухьэну зэрыхуейр, я псалъэр зэрагъэпэжынур, езыхэри зымыгъэпсэу бийхэм япэщІэтынымкІэ дэІэпыкъуну Урысейм къызэрыщыгугъыр.

Кавказым щыщ къызэрыгуэувам Урысейм мыхьэнэшхуэ иІэу къызэрилъытам и щыхьэтщ лыхь пащтыхь Сигизмунд II Август деж и лІыкІуэ щигъакІуэм, Иван IV абы унафэ зэрыхуищІар Москва адыгэпщхэм ящыщ зэрыщыІар, Урысейм къыгухьэну гупыж зэращІар, шы хэплъыхьауэ 1000 илъэс къэс къызэрыратынур, дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ хъумэ, шууей мин 20 къагъэкІуэну зэрыхьэзырымкІэ зэрыгурыІуар.

Мы бжыгъэхэр тІэкІу ирагъэлеяуэ къыщІэкІынут, ауэ къэралитІым я зэхущытыкІэр зэрымыщІагъуэм къыхэкІыу, дипломат хьилагъэм хуэкІуауэ арат: а зэманым къарурат нэгъуэщІхэр къыпфІэзыгъэлІыкІыу щыІэр.

1556 гъэм Урысейм Астрэхъан къиищтэри, Индыл и кІыхьагъкІэ гъуэгур абы ей хъуащ, Кавказ Ищхъэрэм, псом япэ Къэбэрдейм, къызэрыпыщІар къанэ щымыІэу нэхъ тынш ищІу.

Дыгъэгъазэ мазэу, Астрэхъан хъаныкъуэр зэрызэтракъутэрт мазищ нэхъ дэмыкІауэ, Урысейм и лІыкІуэу Къырымым щыІэ Загряжкий Москва хъыбар нигъэсащ «пятигорскэ черкасхэм» тыркухэм я быдапІэ Таманрэ Темрыкъуэрэ зэрызэтракъутам теухуауэ.

Пащтыхьыр хуабжьу щыгуфІыкІащ а Іуэхум икІи и лІыкІуэхэр Кавказ Ищхъэрэм къигъэкІуащ кърыгъэхъуэхъуну, тыгъэ лъапІэхэри къахуищІащ.

1557 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм Москва къулыкъу щащІэну адыгэ гупышхуэ кІуащ. Абы къыкІэлъыкІуэ мазэм Москва хъыбар щыІуащ Къэбэрдейм и лІыкІуэ дяпэкІэ къалащхьэм зэрыщыІэнум, ар Къэбэрдейм и пщы уэлий Идар Темрыкъуэ къызэригъэкІуам теухуауэ. МазитІ зэкІэлъхьэужьым Москва къэкІуа псоми Кремлым пэгъунэгъу унэхэр хэщІапІэ хуащІащ, щыпсэунумрэ яшхынумрэ текІуэдэнур Урысей къэралым пщэрылъ зыщищІыжри. Иван IV деж къокІуэ Идар Темрыкъуэ и щІалитІ Болгъэрыкъуемырзэрэ СултІан-мырзэрэ.

Идар Темрыкъуэ и лъэІукІэ, СултІан-мырзэ чристэн диным ирагъэхьащ, Иван IV и унафэкІэ ар щыпсэуащ абы и унэшхуэм. Урысей тхыдэм къыхэна Черкасскэ Михаилрат а щІалэщІэр. Абы и къуэш нэхъыжь Болгъэрыкъу-мырзэ зимыгъэгувэу и хэкум къигъэзэжащ, Москва Къэбэрдейм дзэ ІуэхукІэ къыдэІэпыкъуну къагъэгугъэри.

XVI лІэщІыгъуэм и 70 гъэхэм пащтыхь Иван IV и унафэкІэ Урысейм и тхыдэр ятхауэ щытащ. «Лицевой летописный свод» - аращ абы зэреджэр. Том куэд хъу летописыр хъарзынэу хъумауэ ди зэманым къэсащ. Урысейм къикІуа гъуэгуанэр, а зэманым пащтыхьхэм я деж щыщІэдзауэ унэІутхэм щыщІэкІыжу я псэукІар къэзыгъэлъагъуэ миниатюрэ-иллюстрацэ щхъуэкІэплъыкІэу мин зыбжанэ а тхылъхэм щызэхуэхьэсащи, абыхэм ящыщу 21-р Урысейр Къэбэрдеймрэ Шэрджэсымрэ зэрыпыщІа Іуэхухэм теухуащ, Москва адыгэ лІыкІуэхэр къыщыкІуар, зауэ хуэІухуэщІэхэмкІэ зэрыдэІэпыкъуар, нэгъуэщІхэри къагъэлъагъуэу.

1560 гъэм шыщхьэуІум и 7-м дунейм ехыжащ пащтыхьым и щхьэгъусэ Анастасие. ЗэратхыжымкІэ, Иван IV хуабжьу зыхищІащ и щхьэгъусэр, илъэсищрэ илъэсихрэ зи ныбжь и къуитІым я анэр, зэрылІар. Пащтыхьым и акъылыр щхьэщыкІынкІэ шынэ боярхэр абы и деж къэкІуащ, митрополит Макарий я пашэу. Пащтыхьыр абыхэм едаІуэри, къэралымрэ и бынитІымрэ егупсысыну зэрикъалэным тримыщІыхьтэмэ, мы Іуэхур къарімыгъэІэтынкІэ зэрыхъунур жиІащ.

Шыщхьэуlум и кІэм Иван IV и лІыкІуэхэр игъэкІуащ Польшэм и пащтыхь Сигизмунд II Август деж. Ливон орденым гуэт, абы дэІэпыкъу пащтыхь Урысейм къезауэхэм ящыщу арат. Абы шыпхъуитІ, Екатеринэрэ Аннэрэ, иІэти, нэхъыфІ, нэхъ дахэм пащтыхьым и цІэкІэ епсэлъэну лІыкІуэхэм жриІащ.

НэгъуэщІ лІыкІуэ гуп Швецием и пащтыхь Густав деж, ещанэ гупыр Къэбэрдейм ягъэкІуащ. ЛІыкІуэхэу Вокшерин Федоррэ Мякинин Семёнрэ, тхыдэтхым зэритхыжамкІэ, унафэ хуащІат «у черкасских князей дочерей смотре... и привезти их к Москве».

Польшэм кІуа лІыкІуэхэр къэкІуэжащ пащтыхьым и шыпхъу нэхъыщІэ Екатеринэ (абы и сурэт пащтыхьым къыхуашат) щхьэкІэ уасэшхуэ къазэрыхуигъэувар жаІэу - ар хуейт Новгород, Смоленск, Псков къалэхэр, Чернигов областыр иратыну. Дауи, ар зыми идэнутэкъым.

Швецием къикІыжахэми ІэнэщІу къагъэзэжащ: пащтыхь Густав дунейм ехыжати, къэралыр щыгъуэрт, пащтыхьыгъуэр зылъыса Эрик имычэзууэ къилъытащ апхуэдэ Іуэху тепсэлъыхьыну.

Мазибгъу дэкІат Вокшеринымрэ Мякининрэ Къэбэрдейм зэрыкІуэрэ. 1561 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм абыхэм Москва къагъэзэжащ Урысейм и пащтыхь Иван IV ысащІэ къыхуашэри.

Воеводэ Бутурлин, лІыкІуэхэу Вокшеринрэ Мякининрэ, пщащэм и дэлъху нэхъыжь Думэныкъуэ, астрэхъан пащтыхьыкъуэхэу Бекбулатрэ Саин-Булатрэ (Темрыкъуэ и малъхъэмрэ и пхъурылъхумрэ) дэщІыгъуу Москва къэсащ пащтыхьыпхъу Гуащэнэ, урыс тхыдэм Кученейуэ хатхар. Абы дэщІыгъут шууей минрэ щитхурэ хуэдиз, адыгэхэм нэмыщІауэ, астрэхъан тэтэрхэр, нэгъуейхэр, къэзакъхэр хэту.

Махуэ зыбжанэ дэкІауэ Иван IV унафэ ищІащ адыгэ пащтыхьыпхъур Кремлым кърагъэблэгъэну. Пащтыхьым и блыгущІэт зыбжанэ и гъусэу къыщІыхьащ Къэбэрдейм къраша пщащэр зыщІэт пэшым. Ар абы иджыри илъэгъуатэкъым, икІи ищІэртэкъым щхьэгъусэу къыхихын-къыхимыхынрэ.

Гуащэнэ адыгэ фащэ щыгъыу щытт: и бостейр дарий плъыжьфІыцІафэм къыхэщІыкІауэ, и щІыІухэр, и бгъэІулъыр, и бгырыпхыр дыщэм къыхэщІыкІарэ зэщІэцІыуэу. Абы щхьэрыгът пащтыхь тажым ещхь пыІэ, фэ лъапІэ къедэкІауэ. Ар езыр зэрыхъу дыдэм нэхърэ нэхъ лъагэу къыпщыхъурт зэфІэкІ зиІэхэм къахэкІа адыгэ бзылъхугъэхэм щатІагъэ пхъэвакъэм тетти.

Хабзэм тету, нэхъапэІуэкІэ хъыджэбзым къеплъа бояр фызабэхэм «государю будет пригожа красотой, здоровьем и чистотой» къыжраІати, Темрыкъуэ и пхъум и нэгу дахэм иплъэ Иван IV арэзы техъуэрт бзылъхугъэхэм пщащэр къазэрыщыхъуам.

Ар ещхьтэкъым Урысейм и пщащэ щхьэц сырыхуфэ пэтІинэхэм. Гуащэнэ и щхьэц фІыцІэр тІууэ зэгуэхауэ ухуэнат, езыр и фэм ущызэкІэщІэплъу къамылыфэт, къуэкІыпэ пщащэхэр зыгъэдахэ и нэ фІыцІэхэр къабзэт, пэ захуэ дахэт. Пащтыхьым апхуэдэ пщащэ зэкІужхэр щилъэгъуар езым и «Либерее» библиотекэ бейм хэлъ къуэкІыпІэ тхылъ пасэрейхэм ярыт миниатюрэхэрат. «Он смотрел и полюбил», - апхуэдэу урыс тхыдэтхым итхыжат, пащтыхьыр пащтыхь гуащэ хъунум япэу щыІущІам и гугъу здищІыжым.

Революцэм и пэкІэ цІэрыІуэ дыдэу щытащ академик Соловьев С. М. итха «История России с древнейших времён» тхылъыр. Ар зэрытха бзэмкІэ дыкъеджэнти: «Мы видим, что по смерти Анастасии Иоанн... обратился в сторону, противоположную [Европе] на Восток, и в 1561 году женился на дочери черкесского князя Темрюка, которой при крещении в Москве дали имя Мария. Выгода жениться не на русской, особенно при тогдашних обстоятельствах, и красота черкешенки могли прельстить Иоанна...»

Аращи, 1561 гъэм шыщхьэуІу мазэм пащтыхь Иван IV щхьэгъусэ хуэхъуащ къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ. А Іуэхур зэрекІуэкІам куэд тетхыхьыжащ Москва дэса тхыдэтххэм ящыщ, нэгъуэщІ къэралхэм къикІа жыпІэми. Уеблэмэ, илъэс пщІы бжыгъэхэр дэкІыжауэ, дызыщымыгъуазэ гуэрым итхащ «Повесть о женитьбе царя Ивана Грозного на Марие Темрюковне» жыхуиІэр. Ар Росовецкий С. К. хигъэхуащ «Памятники культуры. Новые открытия» тхылъым (Москва, 1976).

В 1563 гъэм гъатхэпэм и 2-м пащтыхьым и унагъуэм щІалэ къихъуащ. Абы Василий фІащащ. Ауэ мащІэ дыдэщ Марие анэу зэрыщытар. ЩІалэ цІыкІур сымаджэ хъури, абы и узым дохутыри Іэзи хэзэгъакъым.

Накъыгъэм и 6-м, къызэралъхурэ мазитІ нэхъ дэмыкІауэ, дунейм ехыжащ Идар Темрыкъуэ и пхъурылъхур. Ар щыщІалъхьащ пащтыхьхэм я иужьрей увыІэпІэм - Архангельскэ соборым.

1569 гъэм и гъатхэми гъэмахуэми Марие и щхьэгъусэм дэщІыгъуу щыІащ Вологодскэ щІыналъэм. Гъэмахуэ уэлбанэрилэ щІыІэр, шэдылъэм къыхиху бахъэр, псыІэр зэран хуэхъуагъэнущ Гуащэнэ. А зэманым етауэ щыта жьэн узыр къеуэлІауэ къыщІэкІри, а гъэ дыдэм дунейм ехыжащ.

ФокІадэм и 4-м Кремлым и Благовещенскэ соборым Марие тхьэ щыхуелъэІуэжри, Вознесенскэ бзылъхугъэ къулъшырыфым, а зэманым Кремлым и Фроловскэ (иджы Спасскэ) дыхьэпІэм хуэзэу щытам, щыщІалъхьащ.

1928 гъэм Кремлыр щІэрыщІэу щаубзыхужым, а къулъшырыфыр якъутащ, пащтыхьыгъуэ зыІыгъахэм ящыщу 1387 гъэ лъандэрэ абы щыщІалъхьахэм я бэнхэр Архангельскэ соборым и щІыунэм щІагъэувэри.

*ГъэкІэщІауэ зэзыдзэкІар*
**ШИРДИЙ Маринэщ**.


Адыгэ малъхъэ Грозный Иван.


Грозный Иван и щхьэгъусэ, пащтыхь гуащэ Идар Гуащэнэ.


Идар Алтыншаш - Астрэхъан пщым и щхьэгъусэ, Гуащэнэ и шыпхъур.


Урысей пащтыхь Симеон - Идар Алтыншаш и къуэр.


Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ - Гуащэнэ и адэр.


Пщы Идар Мамсрыкъуэ.


Урысей Правительствэм и УнафэщІ пщы Черкасский Иван.


Беслъэнеипщ Къанокъуэ Мэшыкъуэщ Урысейм япэ лІыкІуэу щыІар.


Черкасскэ адыгэпщхэм я гербыр.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# «Кхъужьей щIагъым щалъэгъуа пщIыхь»


Мусэ Марие.

**Аращ и фIэщыгъэр и лэжьыгъэ гукъинэжхэмкIэ цIыхухэм ягу дыхьа сурэттех Мусэ Марие Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым иджыблагъэ къыщызэIуиха гъэлъэгъуэныгъэм.**

ПСЭМ И ХУАБАГЪЭ ин хэлъу, лъэпкъ нэщэнэ къытещу Мусэм нэхъапэкIэ къызэригъэпэща выставкэхэм ехъулIэныгъэшхуэ яIауэ щытащ. Мыгъэрейм «Рефлексия», «Адыгэ таурыхъхэр», «Къэгъэзэжыгъуэ» Iыхьэхэр гъэщIэгъуэну щызэхэухуэнащ.

«Рефлексия» Iыхьэм сурэтий хохьэ. Абы адыгэ фащэкIэ хуэпауэ хэт лIыхъужьым, иджырей дунейм зыхигъэзэгъэну хущIокъу. Фащэр лъэпкъым къыхуэна щIэиным и нэщэнэщ. «Адэжьхэм къытхуагъэна Iэужьым пытщэу лъэпкъым и къэкIуэнум къыхуэщхьэпэну сыт дэ тщIэфынур?», - упщIэр егъэув Мусэ Марие и гъэлъэгъуэныгъэхэри абы и жэуапу къэплъытэ хъунущ.

«Адыгэ таурыхъхэр» Iыхьэм лъэпкъ IуэрыIуатэм, тхыдэм, уэрэдыжьхэм сурэтипщIкIэ нэIуасэ уахуещI Марие. IуэрыIуатэм хуабжьу пщIэ щыхуащI псыр, дыгъэр, жыгхэр, нэгъуэщIхэри гъэщIэгъуэну къытощыж адыгэ пщащэм и сурэтхэм. Сурэт къэс ар зейм и таурыхъ гъуэзэджэщ. Дунейр зыужьыныгъэшхуэм и архъуанэм щыджэрэз лъэхъэнэм Мусэ Марие адэжьхэм я псэукIар и сурэтхэм къыщегъэщIэрэщIэж. Пасэрей хьэпшыпхэр къигъэсэбэпурэ, блэкIа зэманым псэ хелъхьэж.

«Къэгъэзэжыгъуэ» Iыхьэм хэт сурэт 16-м тхыдэращ я лъабжьэр. Щалъхуа щIыналъэм куэд щIауэ щымыхьэщIа сурэттехым, и лъабжьэр къыщежьа щIыпIэхэр дегъэцIыху. Ди адэжь хэкум и жылэ куэдым щытраха сурэтхэр гъэщIэгъуэну зэподжэжри, а Iыхьэр щхьэхуэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ.

Марие илъэс 34-рэ мэхъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуа сурэттех пщащэр унагъуэу Москва щопсэу. Лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр къытещу иджы еплIанэ гъэлъэгъуэныгъэ къызэрегъэпэщ абы. Мусэм и творчествэм и мурад нэхъыщхьэр блэкIам щыщ куэдым нобэрей гъащIэр зэрыхуэныкъуэр ди фIэщ ищIынырщ. Абы и гъэлъэгъуэныгъэ къэси лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр зэрытхъумэным дыкъыхуреджэ. ТфIэгъэщIэгъуэну дожьэ сурэттех пщащэм и лэжьыгъэщIэхэм.

ШыщхьэIум и 20 хъуху екIуэкIыну выставкэм гукъыдэж зиIэ дэтхэнэри еплъыфынущ.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*


Профессор ТекIуий Мадинэ и псалъэ.



● Гъуазджэ





# Урыс театрым и мыгъэрей лэжьэгъуэр зэхуещIыж

**«Невеста из Имеретии» (Рацер Б.,Константинов В.), «Кто украл светофор» (Сининэ Н.), «Волшебная лампа Алладина» (Голубецкий Д.), нэгъуэщI спектакль куэдымкIи театреплъыр къэзызыхьэхуа, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс театрым и 80 сезон лэжьэгъуэр иджыблагъэ зэхуищIыжащ. А махуэм къагъэлъэгъуари дуней псом фIыуэ къыщацIыху Уильям Шекспир и «Пащтыхь Лир» спектакль гъэщIэгъуэнырщ. Режиссёрыр УФ-м Гъуазджэхэмкiэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Теувэж СулътIанщ. Шекспир и IэдакъэщIэкIыр Налшык зэрыщагъэувврэ куэд еплъами, пэшым тIысыпIэ нэщI имыIэу цIыхур къекIуэлIат.**

ЛИР ПАЩТЫХЬЫМ и ролыр зыгъэзэщIар КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, журналист Iэзэ Гусейн Олегщ. Пащтыхьым и дэIэпыкъуэгъуу, спектаклыр иухыху абы хуэпэжу хэт Кант и ролыр къехъулIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Балъкъэр Юрэ. Ажэгъафэ-джэгуакIуэр Къардэн Радикщ. Пащтыхьым ипхъухэм я ролхэр ягъэзащIэ Генерилье - КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Толстовэ Евгение, Роганэ - Терехинэ Еленэ, Корделие - Хутэ Марианнэ.

XI лIэщIыгъуэм къыщыхъу хъыбарыр ди зэманми къозэгъ. Iуэхур щекIуэкIыр Британиеращ. Лир пащтыхьым и ныбжьыр щыхэкIуатэм и къэралыгъуэмрэ и мылъкумрэ и пхъуищым зэхуэдэу ятригуэшэну мурад ещI. Ауэ нэхъапэ щIыкIэ ипхъухэм фIыуэ къызэралъагъум и инагъыр къыхуаIуэтэну яжреIэ. ФэрыщIагъэм есэжа пхъу нэхъыжьитIым я псэр зыхэлъыр я адэрауэ жаIэ. Лир абы щогуфIыкIри, ипхъухэм жумарту мылъку ярет. Хъыджэбз нэхъыщIэми къеIуатэ адэр фIыщэу зэрилъагъур, ауэ и шыпхъухэм хуэдэу иримыгъэлейуэ, Iуэхум и пэжыпIэр жеIэ. Пащтыхьым ипхъу гъэфIэныр къыхуэгущIыIэу гурыщхъуэ ещI, къогубжьри, абы къылъыс мылъкур къытрехыж. Абы ирихьэлIэу Корделие лъыхъу къыхуокIуэ, ауэ къылъыс и мылъкур къызэрытрахыжар къыщацIэм, хъыджэбзми хуэмеижу къыщIокI. Франджым я пащтыхьым пэжым и телъхьэ пщащэр игу ирохьри, щхьэгъусэу къешэ. Лир пащтыхьым и щыуагъэр къыщыгурыIуэжыр пащтыхьыгъуэр зылъыса ипхъухэм я деж пщIэрэ щIыхьрэ щимыгъуэтыж хъуа иужькIэщ. Лир ипхъухэм я деж чэзууэрэ щохьэщIэ, ауэ нэхъапэм къылъысу щыта гулъытэмрэ пщIэмрэ игъуэтыжыркъым, унэIутым хуэдэу ягъэпсэу армыхъумэ. Абы иужькIэ спектаклым къыщыхъу зэрыхьзэрийм Корделие и адэр фIыщэу зэрилъагъур къыщонаIуэ.

Шекспир и тхыгъэм хилъхьа философием нобэкIи дыхуэныкъуэщ, цIыхур щыIэхукIи хуэныкъуэнущ. ФэрыщIыгъэм и къару фIыцIэмрэ пэжыгъэм и къабзагъэмрэ, мылъкумрэ тхьэмыщкIагъэмрэ, пэжымрэ пцIымрэ щызэпэщIэтщ а спектаклым. Адэ-анэмрэ бынымрэ яку дэлъыпхъэ зэхущытыкIэр спектаклым гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхышами, абы хэтхэм я жыIэгъуэ Iущхэм гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым урагъэгупсыс. Шэч хэмылъу жыпIэ хъунущ ар зыгъэува Урыс къэрал драмэ театрым къызэрехъулIар. Къэблагъэ театр сезоныщIэм апхуэдэ спектакль куэдкIэ театреплъыр ягъэгуфIэну ди гуапэщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

## Iэщэ Iэмэпсымэхэр къытрах

**2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и управленэм полицэм и къудамэ №1-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и IэнатIэм (УР) и лэжьакIуэхэм нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, илъэс 55-рэ зи ныбжь, къалэдэсым и псэупIэр къыщащым къытрахащ фокIэщI, пIатIрон 40, гранатэу 2. Экспертхэм къызэралъытамкIэ, къытраха псори промышленнэу ягъэхьэзыра IэщэхэкIщ. Яубыдам зэрыжиIамкIэ, ахэр тыгъэ къыхуищIат и ныбжьэгъум.**

А МАХУЭ дыдэм Урысей МВД-м Шэджэм районымкIэ и къудамэм и УР-м и лэжьакIуэхэм щIащыкIащ нэхъапэм мызэ-мытIэу суд зытращIыхьа, илъэс 33-рэ зи ныбжь, Шэджэм Ищхъэрэ къуажэм щыпсэум и унэр. Хабзэхъумэхэм абы къыщагъуэтащ икIи къытрахащ пIатIрон 16, гранатэм ещхь Iэщэ. Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, ахэр промышленнэу ягъэхьэзыращ икIи къэгъэсэбэпыным хуэщIащ.

ЦIыхухъум теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

## Шэч зыхуащIахэр яубыд

**КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ Тэрч, Шэджэм районхэм щыпсэу, нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, илъэс 21-м щыщIэдзауэ илъэс 41-рэ ныбжьым хиубыдэ щIалэхэр. Абыхэм шэч хуащI уней лъапсэхэм щыдыгъуауэ.**

2016 ГЪЭМ и фокIадэм щыщIэдзауэ 2017 гъэм и накъыгъэм нэс пIалъэм кърикубыдэу Щхьэлыкъуэ, Анзорей, Нартан, Старэ Шэрэдж къуажэхэм, Налшык, Тэрч къалэхэм, Солдатскэ станицэм щыпсэухэм хабзэхъумэ IэнатIэхэм зыхуагъэзащ. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, унэм щыщIэмысым зрагъэхьэлIэурэ бзаджащIэхэр щIыхьащ икIи ахъшэ, дыщэхэкI, хьэпшып, щакIуэ фоч щIадыгъукIащ. ЩIэпхъаджагъи 9-м кърикIуащ хэщIыныгъэу сом 1.394.854-м щIигъу. ЗэраубзыхуамкIэ, бзаджащIэхэр цIыхуи 2-3 гупурэ «лажьэрт».

***КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

● Футбол

# ШыщхьэIу мазэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

***Урысей Федерацэм и япэ дивизион***
***Ещанэ джэгугъуэ***
**ШыщхьэIум и 4**
*(мэрем)*
«IэфIыпс» (IэфIыпс) - «Черноморец» (Новороссийск)
«Армавир» (Армавир) - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)
«Академия им. В. Понедельника» ФК (Дон Iус Ростов) - «Дружба» (Мейкъуапэ)
«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) - СКА (Дон Iус Ростов)
**«Чайка» (Песчанокопское) - «Спартак-Налшык» (Налшык)**
«Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - «Ангушт» (Нэзрэн)
«Легион-Динамо» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Владикавказ» (Владикавказ)

**ШыщхьэIум и 6**
*(тхьэмахуэ)*
«Кубань-2» (Краснодар) - «Краснодар-2» (Краснодар)

***Урысей Федерацэм и кубок***
***Финалым и 1/64-нэ Iыхьэ***
**ШыщхьэIум и 8**
*(гъубж)*
**«Ангушт» - Спартак-Налшык»**

***ЕплIанэ джэгугъуэ***
**ШыщхьэIум и 12**
*(щэбэт)*
«Анжи-2» (Мэхъэчкъалэ) - «Армавир»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Академия им. В. Понедельника» ФК
«Дружба» - «Кубань-2»
«Краснодар-2» - «Динамо-Ставрополь»
СКА - «Чайка»
**«Спартак-Налшык» - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)**
«Ангушт» - «Легион-Динамо»
«Черноморец» - «Спартак-Владикавказ»

***Етхуанэ джэгугъуэ***
**ШыщхьэIум и 18**
*(мэрем)*
«Армавир» - «IэфIыпс»
«Биолог-Новокубанск» - СКА

**ШыщхьэIум и 19**
*(щэбэт)*
«Академия им. В. Понедельника» ФК - «Анжи-2»
«Кубань-2» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Динамо-Ставрополь» - «Дружба»
«Чайка» - «Краснодар-2»
**«Легион-Динамо» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык»**
«Спартак-Владикавказ» - «Ангушт»

***Урысей Федерацэм и кубок***
***Финалым и 1/32-нэ Iыхьэ***
**ШыщхьэIум и 23, 24**
*(бэрэжьей, махуэку)*

***Еханэ джэгугъуэ***
**ШыщхьэIум и 26**
*(щэбэт)*
«Анжи-2» - «Кубань-2»
«IэфIыпс» -«Академия им. В. Понедельника» ФК
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Динамо-Ставрополь»
«Дружба» - «Чайка»
«Краснодар-2» - «Биолог-Новокубанск»
**«Спартак-Налшык» - «Спартак-Владикавказ»**
«Черноморец» - «Ангушт»

**ШыщхьэIум и 27**
*(тхьэмахуэ)*
СКА -«Легион-Динамо»

***Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат***
***ЕпщыкIубгъуанэ джэгугъуэ***
**ШыщхьэIум и 5**
*(щэбэт)*
«Автозапчасть» (Бахъсэн) - «Родник» (Псынэдахэ)
«Къундетей» (Шэджэм) - «Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу)
«Тэрч» (Тэрч) - «Прохладнэ» (Прохладнэ)
«Велес-СДЮСШОР» (Къэрэгъэш)- «ХьэтIохъущыкъуей» (ХьэтIохъущыкъуей)

**ШыщхьэIум и 6**
*(тхьэмахуэ)*
«Керт» (Къэхъун) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент)
«Жулдуз» (Хьэсэней) - «Псыкуэд» (Псыкуэд)
«Бедик» (Арщыдан)- «Нарт» (Нарткъалэ)
«Союз» (Сэрмакъ) - «Бахъсэн» (Бахъсэн)

***ЕтIощIанэ джэгугъуэ***
**ШыщхьэIум и 12**
*(щэбэт)*
«Псыгуэнсу» - «Бедик»
«Бахъсэн» - «Автозапчасть»
«Нарт» - «Велес-СДЮСШОР»
«Прохладнэ» - «Союз»

**ШыщхьэIум и 13**
*(тхьэмахуэ)*
«ЛогоВАЗ» - «Тэрч»
«Родник» - «Жулдуз»
«Псыкуэд» - «Къундетей»
«ХьэтIохъущыкъуей» - «Керт»

***ТIощIрэ езанэ джэгугъуэ***
**ШыщхьэIум и 19**
*(щэбэт)*
«Союз» - «ЛогоВАЗ»
«Велес-СДЮСШОР» - «Псыгуэнсу»
«Автозапчасть» - «Прохладнэ»
«Псыкуэд» - «Родник»

**ШыщхьэIум и 20**
*(тхьэмахуэ)*
«Тэрч» - «ХьэтIохъущыкъуей»
«Къундетей» - «Бедик»
«Жулдуз» - «Бахъсэн»
«Керт» - «Нарт»

***ТIощIрэ етIуанэ джэгугъуэ***
**ШыщхьэIум и 26**
*(щэбэт)*
«Псыгуэнсу» - «Керт»
«Прохладнэ» - «Жулдуз»
«Бедик» - «Велес-СДЮСШОР»
«ЛогоВАЗ» - «Автозапчасть»

**ШыщхьэIум и 27**
*(тхьэмахуэ)*
«Родник» - «Къундетей»
«Бахъсэн» - «Псыкуэд»
«ХьэтIохъущыкъуей» - «Союз»
«Нарт» - «Тэрч»

# «Псэм и лэрыпс»

● ТхылъыщIэ

**Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIащ Зеикъуэ къуажэ щыщ Щоджэн Риммэ и усэ тхылъ.**

И ТЕПЛЪЭ къудейм узыIэпызышэ тхылъыр къыщызэгуэпхкIэ: щхъуантIагъэр зибэ ди бгылъэхэр, мэз лъэщIэху щIэгъэтIылъыкIахэр, псы нэпкъ дахэхэр - псори псэм къохуэбылIэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, Риммэ къыдигъэкIа тхылъыр сурэтхэмкIэ зыгъэщIэрэщIар езым ипхъу Унэж - Щоджэн Залинэщ.

Къалэмыр къэзыщтэ цIыхум и дуней еплъыкIэ иIэжщ. Ар щынэрылъагъущ «Псэм и лэрыпсым». Ди адыгэ унагъуэхэм я псэукIэр, цIыхум и гурыгъугурыщIэхэр, лъэпкъыр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр Щоджэным и тхыгъэхэм бзэ тынш къызэрыгуэкIкIэ къыщеIуатэ. Абы нэхъри зэрешалIэ тхылъымрэ щIэджыкIакIуэхэмрэ.

«Псэм и лэрыпсым» щызэхуэхьэсащ зэман зэмылIэужьыгъуэхэм Щоджэным и гум къиIукIа макъамэхэр. Абыхэм я гъэпсыкIэ яIэжщ икIи ахэр ехьэлIащ щIыуэпсым, гурыщIэм, адэ-анэм, быным. Зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъур, абы кIэщIу къыкIэлъыкIуа гъаблэр, къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэ куэдыр зи нэгу щIэкIа, ахэр псори къэгъэнауэ, бынипII зыпIа анэм и бзэр щабэщ, кууэ гъащIэм пхыроплъ.

Риммэ и усэхэм ящыщ куэдыр дызэса щапхъэхэм тету къакIуэркъым, рифмэхэмкIи щIэгъэбыдакъым - гупсысэ ескIэ гъэнщIа сатырхэр хуиту зокIуэ. Абы къыхэкIыу дэтхэнэ зы цIыхумкIи гурыIуэгъуафIэщ, еджэгъуафIэщ. Апхуэдэщ «Фэеплъ сурэт», «Мамэ», «Анэ», «БлэкIар ди нобэм», «Лъэпкъыбзэу ди адыгэбзэ», «Къысхуэгъэгъу, си гъащIэ», «Уемыблэжу псэр щIэптащ ди хэку» зыфIища усэхэр.

«Псэм и лэрыпсым» щыщщ «ГъащIэм и къуэпс» зыфIища Iыхьэри. Абы хиубыда усэхэм нэхъыбэу къыхощ Кавказым и щIыуэпсыр, Iуащхьэмахуэ и щыгухэр, псэкIэ зыхуэгуапэ и къуэрылъхупхъурылъхухэр.

Щоджэныр ди щIэджыкIакIуэхэм фIыуэ яцIыху «Розэм тедиа нэпс», «Сыхуиту зы сыхьэт уи гъащIэм щызгъэгъуэт» зыфIища тхылъхэмкIи.

Щоджэн Риммэ егъэджакIуэу, колхоз бухгалтеру лэжьащ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и 8-нэ зэхуэсыгъуэм и депутату хахауэ щытащ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**





Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**


Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.490 ● Заказ №964